



YAYASAN PENDIDIKAN NURUL FALLAH CIKALONGKULON

SMP NURUL FALLAH

Kampung Cijati, Desa Mekarmulya, Kec. Cikalongkulon, Kabupaten Cianjur 43291
Telp./Fax. (0263) 2311655 - Email : nurulpalahcikalongkulon@gmail.com



**NASKAH SOAL
PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT)
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Nama	:	Mata Pelajaran	: BAHASA SUNDA
Kelas	: VII (Tujuh)	Waktu	: 90 Menit
Hari dan Tanggal	: Jum'at, 7 Juni 2024		

Pilihlah jawaban yang paling tepat pada pilihan A,B,C, dan D dibawah ini!

Hég baca sing gemet!

Pananya nomer 1-5 dumasar kana ieu bacaan.

Indung jeung Anak

“Mah, aya nu badé ditaroskeun,” ceuk Atia.

“Naroskeun naon? Ké, Mamahna capé kénéh,” jawab indungna. Geus biasa, lamun tas nyanyabaan, Atia mah sok tetelepék ngeunaan naon-naon anu katénjo atawa nu kaalaman, boh di perjalanan boh di tempat nu dituju. Harita ogé kakara jol pisan tas piknik ti Maribaya.

“Sok, badé naroskeun naon? Mani bangun daria,” ceuk indungna deui, bari neutaup... bréh budak téh mani ngembang céngék. “Kieu, Mah..., naon margina ari naék mobil sok istri heula, ari lungsur sok pameget heula. Geuning tadi ogé, basa naék angkot, Bapa mah ti pengker naékna...lungsumah mah ti payun,” pokna.

“Tah, éta téh salasihiji tatakrama dina naék jeung turun tina mobil.”

“Naon ari tatakrama téh, Mah?” Atia nanya deui.

“Tétéh terang! Tatakrama téh aturan sopan santun téa, nya?” omong lanceukna, haget mangjawabkeun.

“Leres. Sakumaha ceuk Si Tétéh, tatakrama téh mangrupa aturan sopan santun dina hirup kumbuh sapopoé. Tatakrama téh jembar pisan. Lain ngan dina naékturun mobil baé, dina nyarita, waktu nyémah, dina maké papakéan, waktu dahar, angga-ungguh awak, ngaliwat ka hareupeun jalma...,” ceuk indungna, ngécéskeun.

“Dina waktos natamu atawa nyémah kumaha, Mah?”

“Tatakrama dina natamu di antarana, ngucapkeun salam, punten, atawa ngetrok panto tilu kali.” “Ari dina dangdosan?” ceuk Atia, bangun beuki panasaran.

“Sarua, aya tatakramana. Nya di antarana, papakéan anu dipaké ku urang téh kudu diluyukeun kana waktu jeung situasina.”

“Mah, ari hubungan tatakrama sareng atikan moral... kumaha?” lanceukna milu nanya.

“Ari kitu?” malik nanya, giliran indungna ngembang kadu. Dina haté indungna aya rasa reueus duméh si Tétéh, lanceukna Atia nu kakara kelas tujuh SMP ngajukeun pananya anu kaitung alus jeung munel saperti kitu.

“Wiréhna Bapa Guru di sakola kantos nyabit-nyabit soal éta,” jawabna.

“Hubungan tatakrama jeung atikan moral téh pohara raketna. Malah bisa disebutkeun tatakrama téh bagian tina atikan moral! Kapan nu disebut moral téh nyaéta ahlak, ajaran ngeunaan laku lampah hadé jeung goréng,” ceuk indungna, “Tos heula, nya...Mamah badé salat asar heula.”

1. Nanyakeun naon Atia ka indungna téh?

- a. Tata krama dina waktu dahar
- b. Tata krama naek jeung turun tina mobil
- c. Tata krama waktu indit sakola
- d. Tata krama waktu dina waktu mandi

2. Ari nu dipikareueus ku indungna saha?

- | | |
|--------------|-------------|
| a. Bapana | c. Adina |
| b. Lanceukna | d. Salakina |

3. Naon nu jadi téma dina éta paguneman téh?

- | | |
|-------------------------|----------------------|
| a. Tata krama | c. Tata cara dangdan |
| b. Tata cara naek mobil | d. Tata cara natamu |

4. Naon ari tata krama teh?
- Aturan sopan santun dina hirup kumbuh sapopoé
 - Aturan sopan santun anu ditetepkeun ku pamaréntah
 - Tata tertib dina sakola
 - Tata cara kahirupan manusa sapopoé
5. Kumaha tata krama dina natamu?
- Kudu barangbawa atawa mawa oleh-oleh lamun rek natamu
 - Kudu make pakean anu alus lamun rek natamu
 - Ngucapkeun salam, punten atawa ngetrok panto 3 kali
 - Mun rek natamu datangna kudu sore-sore
6. Geus biasa, lamun tas nyanyabaan, Atia mah sok **tetelepék** ngeunaan naon-naon anu katénjo atawa nu kaalaman, boh di perjalanan boh di tempat nu dituju.
Kecap **tetelepék** ngandung harti.....
- Tara daek tatanya
 - Sok tunya-tanya
 - Bawel/cerewet
 - Tara campur gaul
7. “Sok, badé naroskeun naon? Mani bangun daria,” ceuk indungna deui, bari neutep... bréh budak téh mani **ngembang céngék**.
Kembang céngék sebutanana nyaéta....
- Gélényé
 - Mayang
 - Ulated
 - Méncéngés
8. “Ari kitu?” malik nanya, giliran indungna **ngembang kadu**.
Ngembang kadu hartina....
- Olohok
 - Geulis
 - Aléwoh
 - Bolotot
9. Basa tepung ge meuni **ngembang tiwu** jiga kanu teu wawuh.
Kembang tiwu hartina....
- Eumbreuk
 - Bosongot
 - Aléwoh
 - Badaus

10. "Bu nuju damel naon, tos tabuh 10 wengi teu acan.....kénéh?"

- a. Saré
- b. Mondok
- c. Kulem
- d. Héés

11. "Sareng saha Bu, Atia ka Garut na?"

- a. Angkat
- b. Indit
- c. Mangkat
- d. Mios

12. Ciri kalimah langsung dina basa tulisan nyaéta.....

- a. Diucapkeun langsung ku pananyana panyambung
- b. Make koma jeung tanda Tanya
- c. Diselapan ku kecap
- d. Diapit ku tanda kekenteng

13. Mana kalimah langsung anu bener?

- a. Saha anu teu sakola?
- b. Iraha rék indit ka Jakarta téh?
- c. "Mah aya nu bade ditaroskeun?"
- d. Atia nanyakeun ka indungna naon ari tatakrama teh?

14. "Kuring mah moal milu piknik da teu boga duit", ceuk Imas ka Somad.

Kalimah di luhur lamun dirobah jadi kalimah teu langsung unina....

- a. Imas nyarita ka Somad yén manéhna moal milu piknik sabab teu boga duit.
- b. Somad, kuring mah mola milu pinik da teu boga duit
- c. Ceuk Imas ka Somad, kuring mah moal milu piknik sabab teu boga duit.
- d. Kuring mah moal milu piknik da teu boga duit ceuk Imas

15. Ieu di handap conto kalimah langsung, *iwal*...

- a. "Hey, bade ngiring moal?" ceuk Destri ka Mira
- b. "Kumaha, dupi bapana aya?" ceuk semah ka nu mukakeun panto
- c. Bu Reni sasauran, "Engke buku latihanana kempelkeun!"
- d. Mun rek ulin ka Lembang mah numpak motor we

16. Ari nu sok diilukeun kana pestival langlayangan mah jenisna ...

- a. Langlayangan hias
- c. langlayangan adu

- b. Langlayangan gombrés d. langlayangan leutik
17. Gambar langlayangan disebutna ...
- a. Lukisan c. Gambar
- b. Wangkong d. Pulas
18. Salasahiji kaulinan barudak awéwé nyaéta...
- a. Anyang-anyangan c. Ngadu kaleci
- b. Gatrik d. Medar
19. Wanci dimana poe geus mimiti poek, deukeut ka waktu magrib disebutna....
- a. Sareureuh budak c. Janari leutik
- b. Sareupna d. Pecat sawed
20. Manceran teh nuduhkeun wanci....
- a. Mimiti bijil panon poe c. Tengah poe
- b. Panon poe geus ngageser ka beulah kulon d. Waktu dina jam 7 isuk nepi
jam 9 isuk
21. Carangcang tihang ge pun Bapa mah tos angkat ka pasar.
Carangcang tihang nyaeta....
- a. Wanci liwat fajar, tetenjoan remeng-remeng keneh
- b. Waktu sabada haneut moyan, panon poe geus karasa panas
- c. Waktu dimana panon poe geus rek surup
- d. Waktu dimana udat-udat bodas katembong tibelah wetan
22. Tanah darat nu sok dipelakan pare disebut....
- a. Hunyur c. Huma
- b. Tetelar d. Tepis wiring
23. Bagian walungan anu jero disebut...
- a. Babantar c. Leuwi
- b. Tetelar d. Tepis wiring
24. Sesebutan pikeun anak bangkong nyaeta....

- a. Ciak c. Buruy
b. Eneng d. Bilatung
25. Pakakas hayam pikeun diadu disebutna....
a. Jajangkar c. Kongkoorongok
b. Ciak d. Siih
26. Babasan "**buntut kasiran**" hartina....
a. Koret c. Hese dititah
b. Daekan d. Babari borok
27. Lamun rek nulis iklan basana kudu...
a. kudu singkat, padet, jeung narik nu maca rasakeun c. kudu resmi jeung sopan ulah
b. biasa-biasa wae lah d. kudu ngeunah kanu macana
28. kalimah nu eusina nepikeun omongan jalma sejen ka jalma anu di ajak nyarita kalawan bebas henteu saujuratna, nyaeta kakimah...
a. kalimah langsung c. kalimah pananya
b. kalimah campuran d. kalimah teu langsung
29. kecap dahar mun di robah kana basa hormat keur ka batur nyaeta...
a. neda c. emam
b. madang d. tuang
30. kecap embung lamun dirobah kana basa hormat keur sorangan nyeta...
a. teu kersa c. alim
b. hoyong d. kersa